Нагахь санна шуна переводчик везахь, шуна лоцур ву иза. Дехар ду хаийта переводчик шайна везахь шаьш маца дог1а олучу хенахь. Цул т1аьхьа больницан белхлоша шуна лоцур ву переводчик.

## Хьа медицински карташ а, хьайха лаьцна информаци а

Медицински картанчур информаци оьшуш ю шун маьрша а, лелон ма деза а дарба дан. Уьш оьша дика а, лазархочун цхьаа кхерамбоцуш а дарба лелоран болх д1акхачба, т1аккха цул т1аьхьо из талла а. Хьа медицински картанчур информацис схьадуьйцу хьан лоьран хьоьга хьажарах а, хьуна лелоран дарбанах а, хилчу цамгарашха а лаьцна, т1аккха хьо больнице д1аэцарнах/ца эцарнах а лаьцна.

### Меттигаца доьзна йозанаш

Тхо дарбалелоран белхалой хиларна, оха тхай пайда оьцу меттигаца доьзна йозанашха. Иза х1ун бохург ду аьлча, хьо дарба лелон г1ерташ йолу меттигара белхалой таро ю ахь кхечанхьа дарбалелдинчигара йозанаш деша – хуьлу уьш районан кхеташой, муниципалитеташ, я долалла дарбалелоран меттигаш. Из х1унда до аьлча, хьа мел хила долу лазарашха а, хьуна дарба леладе х1у оьшу а тхо кхетийта.

Хьуна дарба лелош болу белхалой бен йиша яц хьа йозанаш деша. Цара доьшу уьш хьуна нийса дарба леладан. Хьо муьлхачу районе, муниципалитете, я долалла дарбалелоран меттигашка ваг1ача, массо а меттехь иштта бакъонаш лелаш ю. Цханна дарбалелоран белхалойша бакъо яц кхечу больницешкара хьа лоьраллин йозанаш деша, хьоьгара цкъа хьалха пурб эцацла бен.

Хьан бакъо ю цу системе тидам а ца беш, хьайн дарба лелон.

### Информаци к1айлаяккхар харжар

Хьа бакъо ю информаци к1айлаяккха, нагахь санна хьуна иза кхеча больницешкахь я дарбалелоран меттигашкахь д1ахаийта ца лаахь. Хьан пурбанца иза муьлхачу хенахь схьагучаяккха мегар йолуш ю.
Берашна а, кегирхойн а доьзна ше бакъонаш ю цу г1уллакхан. Хьо нагахь санна верас (опекун) велахь, хьа бакъо яц к1айлаяккха цу берийн йозанашкара цхьа а информаци. Хьо 18 шо кхаччалц велахь, хьа хьайн бакъо ю хьан лоьраллин йозанашкара информаци к1айлаяккха воккха мел хуьлу.

### Хьа дешна сан кехаташ?

Хьун дарба лелош болу белхалойш бен бакъо яц деша хьан лоьраллин кехаташна т1ера йозанаш. Массо дарбалелоран белхалойшана т1едиллина ду пурабанца боцу хаамаш а, лоьрахьажарах доьзнадерг а нахал ца даккхар.  Хьа кехаташ дешна волу стаг схьакарва таро ю цул т1ехь. Хьан бакъо ю уьш муьлша бу хаа.  Районан Советас юкъ-юкъа д1ахьо харжара талам регистрации йина болу хаамашна. З1аьй тоха Долалла Хаамаш Ларбаран белхалойга, нагахь санна хьуна хьайн кехаташ деша лаахь.

Landstinget Kronoberg

Нагахь санна шуна переводчик везахь, шуна лоцур ву иза. Дехар ду хаийта переводчик шайна везахь шаьш маца дог1а олучу хенахь. Цул т1аьхьа больницан белхлоша шуна лоцур ву переводчик.

Нагахь хьа кехаташ юккъехь хьо ца кхеташ цхьа х1ума делахь, хьа таро ю дарбалелоран белхалойшка хьайна из кхетаден аьлла деха. Хьун информаци нийса яц аьлла хетахь, иза журнал чохь д1аяздан йиша йолуш ду.

## Хьан кехаташан копиш

Хьуна хьа кехаташан копиш езахь, хьа уьш я йиша ю, боху мах д1абелчхьана. Нагахь санна хьа лоьран хьуна кехаташ хьоьга д1аяла ца еза аьлла хетахь, хьа йиша ю иза сацам Jönköping-гера административни апелляционни суде яза а дина къовса. Нагахь хьуна хьан лоьраллин кехаташ т1ера йозанаш д1адаг1а лаахь, хьан из д1ахьедан йиша ю Malmö-ра Национальни Дарба Лелоран а, Дахаран а Кхеташон.

## Хьан долалла информаци

Дахарахь боьзна долалла хаамаш ларбаран Акт чохь ма яздара, хьа бакъо ю шарахь цкъа, мехаза, хьайх лаьцна Районан Комитето д1аязйина хьа долалла информаци еша. Районан Комитетан Кхеташо жоьпаллехь ю цу информацийн. Хьан д1ахьедар яздина хила дезаш а ду, куьгта1ина хила дезаш а ду. Д1адахьийта хьа д1ахьедар Долалла Хаамаш Ларбаран белхалойга. Нагахь хьуна хьоьха лаьцна информацийн чохь г1алат кардахь, хьа йиша ю Районан Комитете иза д1анисде аьлла д1ахьедан.

## Хаттарш

Хьан лазархочун хаамашха доьзна законах лаьцна хаттарш далахь, хьа бакъо ю дарбалелоран хьехамчица дагавала.
Нагахь хьа долалла информацех доьзна хаттарш делахь, з1аьй тоха Долалла Хаамаш Ларбаран белхалочунга. Телефон тоха Районан Комитетан юкъахь з1елатторан лоьмарца 0470 58 80 00.
Иштта, кхи а дукха информаци схьаэца йиша ю1177.se/kronoberg интерне-агонт1ехь а, тхан приемничохь а.